



Enfòmasyon enpòtan sou Ankèt NLRB pou Travayè Imigran



Lwa Nasyonal konsènan Relasyon Travay (NLRA) pwoteje pifò anplwaye sektè prive a, kèlkeswa sityasyon imigrasyon yo. NLRA bay anplwaye dwa pou:

- Fòme yon sendika, antre nan yon sendika, oswa asiste yon sendika pou negosye konsènan salè ak lòt kondisyon travay.
- Diskite sou salè ak lòt kondisyon travay avèk kamarad travay yo, yon sendika, yon sant travayè, yon ajans gouvènman, medya yo oswa piblik la.
- Pran mezi angwoup avèk kamarad travay yo pou eseye amelyore salè yo ak lòt kondisyon travay.
- Chwazi pou pa patisipe nan okenn nan aksyon sa yo.

Anba la se enfòmasyon enpòtan pou ou pou konnen sou pwosesis ankèt konfidansyèl:

- Paske sityasyon imigrasyon pa enpòtan tankou si se te yon vyolasyon NLRA:
 - Nou PAP poze ou kesyon sou sityasyon imigrasyon ou.
 - Ou PA bezwen ban nou okenn enfòmasyon sou sityasyon imigrasyon ou.
 - Ou PA bezwen ban nou enfòmasyon sou sityasyon imigrasyon ou nan moman /ansyen kòlèg travay ou.
- Nou sèlman ranfòse NLRA epi nou PA gen rapò avèk ranfòsman lwa imigrasyon.
- Nou P AP divilge okenn enfòmasyon sou ou ba Depatman Sekirite Teritwa (DHS), tankou Ranfòsman Imigrasyon ak Ladwàn(ICE), oswa nenpòt lòt otorite imigrasyon, sof si ou mande pou nou bay enfòmasyon ou pou asiste si w ap chèche èd imigrasyon, jan sa dekri nan dènye pwen boulèt dokiman sa a.
- Si ou enkyetid konsènan prezantasyon ou nan biwo nou yo pou nenpòt rezon, tanpri pale avèk Ajan Konsèy ki afekte nan afè ou sou lòt metòd pou patisipe nan ankèt, tankou pou fè deklarasyon ou sou sèman deyò biwo nou oswa nan videyo.
- Ankèt nou yo konfidansyèl, sa ki vle di nou **P AP** divilge deklarasyon sou sèman ou ba patwon ou, sof si ou bay temwayaj nan yon pwosè, oswa si n ap chèche jwenn yon enjonksyon nan tribinal.
- Si ou pa alèz pou kominike avèk nou nan lang Anglè, n ap mete yon entèprèt disponib pou ba ou asistans ak enfòmasyon yo nan lang ou pito a.
- Si ou konnen yon patwon oswa yon sendika te angaje nan nenpòt konduit ki endike anba a, tanpri fè Ajan Konsèy la konnen sa paske patwon an oswa sendika a ka vyole lalwa:
 - Menase pou rele DHS oswa ICE oswa fè lòt menas sanblab paske oumenm oswa lòt anplwaye yo te angaje nan aktivite sendika oswa nan lòt aksyon angwoup pou amelyore kondisyon travay la.
 - Mande anplwaye yo pou bay nouvo dokiman/papye oswa dokiman/papye modifiye imigrasyon yo oswa re-verifye otorizasyon travay anplwaye yo san yon rezon valab ki pa endike diskriminasyon, sa ki kapab vyole NLRA oswa kèk lòt lwa.
- Si, nan fen ankèt la, nou detèmine gen merit pou akizasyon an (patwon an oswa sendika a te vyole lalwa) epi nou gen pou prezante yon litij avèk afè a devan yon Jij Lwa Administratif, n ap fè tout efò pou pa kite patwon an oswa sendika a poze ou kesyon sou sityasyon imigrasyon ou.
- Si ou te depoze yon akizasyon oswa si ou se yon temwen epi oumenm oswa reprezantan ou fè nou konnen gen aktivite ki pwoteje avèk NLRA nan yon espas travay epi èd imigrasyon nesèsè pou pwoteje anplwaye k ap egzèse dwa byo oswa k ap patisipe nan pwosesis NLRB, NLRB ap anvizaje chèche èd imigrasyon pou anplwaye yo nan espas travay la tankou aksyon defere, libète sou kondisyon, sityasyon viza U oswa viza T, oswa lòt èd jan li disponib ak apwopriye. NLRB pa kapab bay konsèy sou sityasyon imigrasyon. Si ou bezwen konsèy pou sityasyon imigrasyon ou, gen yon lis founisè sèvis legal gratis ki disponib la a:
<https://www.justice.gov/eoir/list-pro-bono-legal-service-providers>.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou NLRB, tanpri ale sou sitwèb nou nan www.nlrb.gov.